# Jańa kópirdiń qurılısı qashan juwmaqlanadı

Qaraqalpaqstan Respublikası Avtomobil jolları aymaqlıq bas basqarması balansındaǵı 4R-176 “Nókis-Shımbay-Taxtakópir” avtomobil jolınıń 4,5 km.de jer ústi piyadalar ótiw ótkizgishiniń qurılısı belgilengen. Buyırpashı etip Ózbekstan Respublikası Avtomobil jolları komiteti janındaǵı “Ulıwmapaydalanıwdaǵı jollardı qurıw hám rekonstrukciyalaw direkciyası” Mámleketlik unitar kárxanası belgilengen. Obekttiń ulıwma bahası 2 244,0 mln.swmdı quraydı. Házirgi Waqıtta 741,0 mln.swm muǵdarındaǵı jumıs kólemi orınlandı. Kópirdi 2021-jıldıń altı aylıq juwmaǵı menen paydalanıwǵa tapsırıw rejelestirilgen. Bul haqqında Qaraqalpaqstan Respublikası Avtomobil jolları aymaqlıq bas basqarması xabar berdi.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

QR Ministrler Keńesi Málimleme xızmeti